

**Konje Familyal ak Maladi Peve (Paid Family and Medical Leave, PFML) Kesyon yo Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ's)**

**Nòt:** FAQ sa a baze sou pi bon enfòmasyon ki disponib anvan piblikasyon règleman pwogram PFML la. Enfòmasyon yo ka chanje. Vizite <https://www.maine.gov/labor/pfml/> pou enfòmasyon ki pi ajou.

**Ide jeneral sou lwa sou Konje Familyal ak Maladi Peve:**

**1. Ki sa Pwogram Konje Familyal ak Maladi Peve a ye (PFML Pwogram)?**

Lwa PFML Maine nan bay jiska 12 semèn konje peye familyal, militè, maladi oswa sekirite. Y ap kòmanse aplike lwa sa a an oktòb 2023 an akò ak lwa Maine nan. Ministè Travay Maine nan responsab pou l mete nouvo pwogram sa a sou pye.

**Kontribisyon:**

**2. Ki kote kontribisyon an ap soti apati 1ye janvyè 2025 – èske se anplwaye a, patwon an oswa toulede k ap met ansanm pou peye kontribisyon an?**

Prelèvman sou salè anplwaye yo nan kad pwogram Konje Familyal ak Maladi Peve a ap kòmanse apati 1ye janvyè 2025, epi y ap voye l bay Fon pou Konje Familyal ak Maladi Peve Maine nan ("PFML Fund"). Ni patwon ni anplwaye, toulede ap kontribye nan Fon PFML la. Yo met tout fon yo ansanm pou yo peye reklamasyon alavni ak lòt depans administratif.

**Si yo pa bay prestasyon yo anvan 2026, poukisa yo pran kontribisyon yo an 2025?**

Menm si yo p ap bay prestasyon yo anvan 1ye me 2026, y ap kòmanse pran kontribisyon yo an 2025 pou yo ka gentan sanble yon kantite fon k ap sifi pou peye prestasyon yo ak lòt depans administratif yo pou fè pwogram nan mache.

**4. Ki pousantaj kontribisyon an pou Konje Familyal ak Maladi Peve a?**

Pou ane fiskal 2025-2027 la, yo fikse pousantaj kontribisyon an a 0,5 oswa 1 pousan sou baz kapasite patwon an. Patwon ki gen 15 anplwaye oswa plis ap kotize 1 pousan nan salè yo, epi y ap ka pran jiska mwatye kontribisyon an nan salè anplwaye yo. Patwon ki gen mwens pase 15 anplwaye ap kotize 0,5 pousan nan salè yo, epi yo ka pran tout montan an nan salè anplwaye yo.

## **5. Mwen se yon patwon epi mwen ta renmen peye pati kontribisyon PFML anplwaye m nan - Èske m otorize pou m fè sa?**

Wi, yon patwon ka peye pati kontribisyon 0,5 pousan anplwaye li a, men li pa oblije fè sa.

## **6. Kiyès ki responsab vèsman kontribisyon Fon PFML la?**

Patwon an responsab vèsman kontribisyon Fon PFML la. Pwosesis vesman fon yo ap etabli nan oryantasyon Ministè Travay Maine nan (Maine Department Of Labor, MDOL) ap bay alavni.

## **7. Mwen se yon anplwaye endepandan, èske m kalifye?**

Anplwaye endepandan kalifye pou Konje Familyal ak Maladi Peye, men li dwe chwazi gen yon asirans. Pou ane fiskal 2025-2027 la, yo fikse tarif prelevman an a 0.5 pousan revni endividyèl anplwaye endepandan an. Alavni, MDOL ap bay oryantasyon sou demach pou w fè pou w patisipe nan pwogram nan.

### **Plan Prive yo:**

**8. Mwen se yon patwon ki gen yon règleman kounye a ki pèmèt yo peye konje (PTO), konje maladi epi/oswa yon asirans lè yon moun pa ka travay pandan yon ti tan. Èske yo ka konsidere règleman konje m nan kòm yon plan ki esansyèlman koresponn ak Lwa Maine nan sou konje peye familyal ak konje maladi a (Paid Family and Medical Leave, PFML)?**

Atik 850-H, paragaf 2, fè konnen pou yo apwouve yon plan prive kòm yon plan ki esansyèlman koresponn pami lòt egzijans y ap prezante nan règleman an, plan an dwe yon plan ki finansè pwop tèt li ki mande pou Eta a peye yon pati, oswa yon plan ki totalman finansè ki nan yon konpayi asirans. Règleman yon konje poukont li pa reponn ak egzijans sa yo. Yo pral prezante lòt detay konsènan pwosesis la ak egzijans yo pou plan prive yo nan règleman an.

### **Akò Negosyasyon Travay:**

## **9. Kòman yo fè lalwa PFML aplike akò negosyasyon travay pou sektè piblik la?**

Jeneralman, dwa ak responsablite lalwa bay sou Konje Familyal ak Maladi Peye a aplike pou antite nan sektè piblik yo. Sepandan, atik 850-B (10)(D) deklare lalwa pa: "Mande yon antite nan sektè piblik jan yo defini sa nan atik 962, paragaf 7, oswa yon anplwaye yon antite nan sektè piblik la ki nan yon akò negosyasyon travay ki kòmanse aplike nan dat souchapit sa a; y ap aplike tout dwa ak responsablite souchapit sa a etabli jiskaske akò negosyasyon travay la rive nan bout li."

Yo pa aplike dwa ak responsablite lalwa etabli pou anplwaye sektè piblik ki nan akò negosyasyon travay ki kòmanse aplike 25 oktob 2023 [Dat yo kòmanse aplike lwa sou Konje

Familyal ak Medikal Peye a], jiskaske akò negosyasyon travay la ekspire. Dwa ak responsablite sa yo gen ladan yo egzijans nan zafè kontribisyon ki aplike ni pou anplwaye sektè piblik yo ak antite sektè piblik yo, epi dwa pou yon anplwaye mande epi resevwa prestasyon konje familyal ak maladi peye.

Kidonk, tout antite sektè piblik ak anplwaye jan yo defini sa nan Tit 26 atik 962, sibdivizyon 7 ki soumèt anba yon akò negosyasyon travay yo kòmanse aplike 25 oktòb 2023 p ap bezwen bay kontribisyon nan kad pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye a jiskaske akò negosyasyon travay la ekspire. Anplis, tout anplwaye ki anba yon akò negosyasyon travay yo kòmanse 25 oktòb 2023 pa kalifye pou yo jwenn prestasyon nan kad pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye jiskaske akò negosyasyon travay sa a ekspire. **9. Kòman yo aplike sa pou anplwaye sektè**

#### **10. piblik ki pa nan yon akò negosyasyon travay?**

Konje Familyal ak Maladi Peye a ap aplike pou tout anplwaye sektè piblik ki pa t nan yon akò negosyasyon travay nan 25 oktòb 2023. Epi tou, an jeneral, pwogram nan kouvri tout anplwaye sektè piblik ki pa nan yon akò negosyasyon travay menm jan li kouvri anplwaye sektè prive yo.

#### **11. Kòman lwa PFML pou akò negosyasyon travay la aplike pou sektè prive a?**

Liberasyon anba atik 850-B (10)(D) ki etabli a pa aplike pou akò negosyasyon travay sektè prive a.